ФокІадзэм и 1-м ирихьэлІэу республикэм и щыпІэ зэхуэмыдэхэм щІыхъуэр егъэджэным хуэгъэпса ІэнатІэщІэр къыізэкІуэну Апхуэдэу Щоджэн Борис ЕтІуанэ къуаэм дащІыхьащ сабий 264-рэ щеджэну курыт школыщІэ, Прохладнэ къалэм, Бабугент, Зэрэгъыж жылэхэм дэт курыт школхэм, сабий садхэм пэщыщІэхэр къыгъащІыхьащ. Псори зэхэту абыхъм иджы щеджэфынущ сабий, ныбжьыщІэ миным щІигъу.

ЕгъэджэныгъэІэнатІэхэр, гъэсапІэ Іуэхущ ІапІэхэр гъэ еджэгъуэщІэм зэрыхуэхьэзырыр къаІощащ МЧС-м мафІэсхэм зыщыхъуэмэныкІэ и Ипщэ щыІнальэ центрым и ЩІагъэлІэхэм. Абы и лъэныкъуэкІэ щколхэр, сабий садхэр ныкъуанысгъэнщэщ. Абыхъм ящыщ куэдым щагъэващ мафІэс кІыхьзэрыхьэумкІэ хъыбар зэрыщыщІэ щІэпсымэсмэхэр, камерхэр. Абыхъм хухахащ ахъшэ сом мелуан 370-рэ, абы щыщу сом мелуан 43,9-р 2009 гъэм и бюджетым эхэт. Апхуэдэу республикэ мылькум къыхэкІауэ сом мелуан тратэжьІуэдащ куэрыт еджапІэхэм я сабий садхэмрэ хабзэхъуэмэ ІэнатІэхэм ящыщІэнымрэ.

2009 - 2010 гъэ еджэгъуэщІэм ирихьэлІэу КЪР-м и школ 79-р къызэрагъэпэщащ сом мелуан 21,03-р и уасэ компьютер техникэкІэ, сабий 92-м ящхуащхуащ сом мелуан 41-рэ зытеІуэда зэреджэ-нэрылъагъу пособиехэр, школ 80-м сом мелуан 29,33-р и уасэ унэльащІэ щІагъэуващ, 14-м я медицинэ пэщэхэм сом мелуани 3,43-рэ зытеІуэда Іэмэпсымэхэр щалъхьащ. Школхэм я шхапІэхэм техникэщІэ къахуэщэхуным ихьащ сом мелуан 26,6-рэ.

Апхуэдэу зэпэщ ящІыжьа, зыхуей-зыхуэныкъуэхэмкІэ къызэгъэпэща школхэм, сабий садхэм я щІыпІэ-щІыпІэ зэрыщІэщІ ящІ республикэм и сабий минхэр.

**КІУЖ Инэ.**

---

**●Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр**

**«Беллэ» кинофильмыр Щэджэн ауэым щытрахьи хэтахэу** *(сэмэгумкІэ къыщыщІэдзауэ)* **Урысейм и щых уб артист Ивашов Владимир, КЪР-м и щыхуб артист Молей Барэсбий, тележурналист КІуращын БетІан сымэ.** *1966 гъэ Сурэтыр* **МАМЫЩ Кашиф** *трихащ.*

---

# ЩІэныгъэлІхэр Іэдииху и чэщанэм деж щызэІуощІэ

**●Лъэпкъ Іуэху**

**ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и зи чэзу зэхьэзыр Къэрэшей-Шэрджэсыр щыщхьэІум и 27-м щекІуэкІащ. Хабзэ зэрыхьэм тету, илъэсым кьрибыдэу лъжьыгъэ яІам щыхэпльэк, щІэуэ хагъэхъужнхэм папщІэ Іэ щаІэт зэхуэсым кьрихьэлІа щІэныгъэлІхэмрэ хъыбархэм щызэІуищІащ КЪШР-м и Хьэбзэ кІуэахэм ямыкъжьэу щыІэ «Гъдэшу и чэщанэ» ватъунтку хьэщІащ.**

�щІДАА-м и зэхуэсым хэтащ Испаниемрэ, Японием, Индкьлызым, Тыркуэ щыщ лІыкІуэхэр, Адыгэ Академием хыхьэ щІэныгъэ къудамэу Ставрополь, Краснодар крайхэм, Къбэрдей-Балькъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ Республикэхэм щыІэхэм кІалІа гупхэр.

ЩІэныгъэлІхэм я зэІуІэр къызэІуихащ икІи иригъэкІащ �щІДАА-м и вице-президент, Къбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор иэхьышхэ **ХьэфІыщІэ Мухьэмэд**. Абы яІэ псалъэр иритащ Адыгэ Академием и президент, физико-математикэ щІыщІэныгъэхэм я доктор, академик **Нэхущ Іэдэм**. Ар убгуъуэу икІи куІщІафІэу тепсэлъыхьащ иІъэсым и КІуэцІкІэ зэфІагъэкІаХэм, �щІДАА-м къызэщІибыдэ унэтІыныгъэхэм я іэжьыгъэм, арэзы къэзымыщІу я Іуэхум хэлъхэм.

Нэхущ Іэдэм и псалъэм кьыпищащ �щІДАА-м и щІэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ **Тхъэгэпсэльп Къасэм**. Академием и финанс Іуэхур зэрыщІэлъым и гугъу ищІу къызэхуэсахэм я пащхьэ кьыщІепсэльащ бухгалтер нэхъыщхьэ **Зыхьэ Лидие**.

�щІДАА-м и президентымрэ щІэныгъэ секретарымрэ жаІам ипкъ иткІэ, зэхуэсым кьыщыпсэльащ **Тхъэу Светлан**. Апхуэдэу ЩІДАА-м и зи чэзу зэхуэсым хэтхэм фІэхъыс ирахьу кьыпсэльащ **Мосс Жаклин Дивигрэ**(КЪР-м и щІыхуб сурэтащІ, ЩІДАА-м и академик КЪыщ Мухьэдин и менеджер икІи щхьэгъусэ), адыгэбзэмрэ щнхабзэмрэ зыужь щІэныгъэлІ, антрополог, социологие щІэныгъэхэм я доктор **Миядзаев Эйжиф** (Наган къалэ, Японие).

ЗэІуІэм и кІэуэм зытепсэлъыхьа Іуэхуэм ящхь иткІэ, академикхэм ямыдэкІэ щІыпхьэ зыбжанэ кьызэдащтащ.

**НЫБЭЖЬ Таиса.**
*Налшык - Черкесск - Хьэбзэ.*

**P. S. ЩІДАА-м и зи чэзу илъэс зэхьэхэр зэрекІуэкІам теуэуа тхыгъэ зэфІэувэ ди газетым и ящыдэкІыгъуэхэм ящыщу щым фыкьыщыщдж хъунущ.**

---

**ЩІДАА-м и академикхэмрэ член-корреспондентхэмрэ щыхэхащ 2009 гъэм щышхьэІум и 27-м КъШР-м щыщ Хьэбзэ куейм щыІащ хэ «Адыгэ-Псалъэ» зыгъэпсэлъэнымкІэ Адыгэ Академием щыригъэкІуэкІа илъэс зэхуэсышхэм.**

**I. Жылагъуэ щІэныгъэхэмкІэ къудамэм**

*ЩІДАА-м и академикыу хахащ:*

**1. Ажакъуэ Кьанщокий Мусэрин и къуэр** - юридическэ щІэныгъэхэм я кандидатыр, «Бум-Банк» банкым и тхьэмадэр, �щІДАА-м щыхьэ зиІэ и академикыр *(Налшык къалэ).*

**2. Уэ хьэтэ Александр Жамырзэ и къуэр** - Урысейм иц адыгэхэм я федеральнэ лъэпкъ-щэнхабзэ автономием и президентыр, �щІДАА-м щыхьэ зиІэ и академикыр *(Черкесск къалэ).*

**3. Джэтаэ Виктор Абдулыкъ и къуэр** - педагогикэ щІэныгъэхэм я докторыр, «ІущІтъэ щрагъэгъуэт лицей №5» Къэрэшей-Шэрджэс къэжьапІэм и унафэщІыр *(Черкесск къалэ).*

**II. Тхыдэ-фило логие щІэныгъэхэмкІэ къудамэм**

*�щІДАА-м и академикыу хахащ:*

**1. ТхъэпщІыху Михаил Семен и къуэр** - тхыдэ щІэныгъэхэм я докторыр, Гуманитар къэухъумэныгъэхэмкІэ Къэрэшей-Шэрджэс институтым тхыдэмрэ археологиемкІэ и къудамэм и унафэщІыр *(Черкесск къалэ).*

*�щІДАА-м и член-корреспондент хахащ:*

**1. Напшэкъуий Тамарэ Сэхьид и пхъур** - филологие щІэныгъэхэм я докторыр, Кубань къралъ аграрнэ университетым нэгъуэщІ къэралыбзэхэмкІэ и кафедрэм и унафэщІыр *(Краснодар къалэ).*

**2. Уэз Фатімэ Анатолэ и пхъур**- филологие щІэныгъэхэм я кандидатыр, Гуманитар къэухъумэныгъэхэмкІэ Къэрэшей-Шэрджэс институтым и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыжьыр *(Черкесск къалэ).*

**3. Пэнэфу Аскэр Дзэпщ и къуэр** - тхыдэ щІэныгъэхэм я докторыр, профессоры, Гуманитар къэухъумэныгъэхэмкІэ Адыгей институтым тхыдэмкІэ и къудамэм и унафэщІыр *(Мейкъуапэ къалэ).*

**4. ХьэщІэмыз Мирэ Нухь и пхъур**- филологие щІэныгъэхэм я докторыр, Адыгей къэралыгъуэ университетым литературэмкІэ и кафедрэм и унафэщІыр *(Мейкъуапэ къалэ).*

*�щІДАА-м щІэ зиІэ и академикыу хахащ:*

**1. Бацэжь (Мамсыр) Мухьэмэд-Хьэр Алий и къуэр** - философиемкІэ доктор, профессор, тхыдэм и щІэныгъэхэм я кандидатыр, Къэбэрдей-Балькъэр къэралыгъуэ университетым щІалэ Щоджэн Борис.

**III. Математикэ щІэныгъэхэмрэ нано-информацІэ технологиехэмкІэ къудамэм**

*�щІДАА-м и академикыу хахащ:*

**1. Нэхущ Викторие Іэдэм и пхъур** - физико-математикэ щІэныгъэхэм я докторыр, Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и Академием и Къэбэрдей-Балькъэр щІэныгъэ центрым Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкІэ и щІэныгъэ-къэухъумакІуэ институтым и унафэщІым и къудэзр *(Налшык къалэ).*

**2. Псху Арсен Владимир и къуэр** - физико-математикэ щІэныгъэхэм я докторыр, Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и Академием и Къэбэрдей-Балькъэр щІэныгъэ центрым Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкІэ и щІэныгъэ-къэухъумакІуэ институтым и унафэщІым и къудэзр *(Налшык къалэ).*

**3. Сербиноэ Людмилэ Иван и пхъур** - физико-математикэ щІэныгъэхэм я докторыр, профессоры, Кавказ Ищхъэрэ къэралтехникэ университетым и кафедрэм и унафэщІыр, �щІДАА-м и член-корреспондентыр *(Таганрог къалэ).*

**4. Сухинов Александр Иван и къуэр** - физико-математикэ щІэныгъэхэм я докторыр, профессоры, Ипщэ федеральнэ университетым и технологие институту Таганрог дэтым и унафэщІыр, �щІДАА-м и член-корреспондентыр *(Таганрог къалэ).*

**IV. Физикэ щІэныгъэхэмкІэ къудамэм**

*�щІДАА-м и академикыу хахащ:*

**1. Мэкъуэш Мусэрбий Чыланий и къуэр** - физико-математикэ щІэныгъэхэм я докторыр, Къурш щІэныгъэхэм я геофизикэмкІэ институт къэралІуэхущІапІэм математикэ модельхэмкІэ и лабораторэм и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыжьыр, Кубань къралъ университетым литературэмкІэ и кафедрэм и унафэщІыр *(Мейкъуапэ къалэ).*

*�щІДАА-м и член-корреспондент хахащ:*

**1. Кьалэ Руслан Хьэжбарэ и къуэр** - физико-математикэ щІэныгъэхэм я кандидатыр, Къурш щІэныгъэхэм я геофизикэмкІэ институт къэралІуэхущІапІэм атмосферэ электричествэмкІэ и лабораторэм и унафэщІыр *(Налшык къалэ).*

*�щІДАА-м щІэ зиІэ и академикыу хахащ:*

**1. Баецэжь (Мамсыр) Мухьэмэд-Хьэр Алий и къуэр** - философиемкІэ доктор, профессор, тхыдэм и щІэныгъэхэм я кандидатыр, Къэбэрдей-Балькъэр къэралыгъуэ университетым щІалэ Щоджэн Борис.

**V. Энергетикэмкіэ, машинэ щІыныкІэ, механикэмкІэ, управлениэм и Іуэхуэмкіэ къудамэм**

*�щІДАА-м и академикыу хахащ:*

**1. Щоджэн Асльэнбэч Хьэжумар и къуэр** - техникэ щІэныгъэхэм я докторыр, БизнесымкІэ Къэбэрдей-Балькъэр институтым и профессоры, �щІДАА-м и член-корреспондентыр *(Налшык къалэ)*

**2. Соблир Андемыркъан Іэбу и къуэр** - Урысейм Естественнэ щІэныгъэхэмкІэ и Академием и академикыр, техникэ щІэныгъэхэм я кандидатыр, Къэбэрдей-Балькъэр къэралмэкъумэщІ академием и доцентыр, «Горводоканал» муниципальнэ предприятэм и унафэщІыр *(Налшык къалэ).*

**VI. Химиемрэ материалхэм я тепуауа щІэныгъэхэмкІэ къудамэм**

*�щІДАА-м и академикыу хахащ:*

**1. Мусей Юрий Исрафил и къуэр** - химие щІэныгъэхэм я докторыр, Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр къэралуниверситетым и профессоры *(Налшык къалэ).*

*�щІДАА-м и член-корреспондент хахащ:*

**1. Бей Іэуес Ахьмэд и къуэр** - химие щІэныгъэхэм я докторыр, профессоры, Къэбэрдей-Балькъэр къэралмэкъумэщІ академием химиемкІэ и кафедрэм и унафэщІыр *(Налшык къалэ).*

**VII. Медико-биологие щІэныгъэхэмкІэ къудамэм**

*�щІДАА-м и академикыу хахащ:*

**1. Маржэхьу Мадинэ Юрий и пхъур** - медицинэ щІэныгъэхэм я докторыр, Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр къэралуниверситетым уз зэрыщІалэхэмкІэ и кафедрэм и профессоры, �щІДАА-м и член-корреспондентыр *(Налшык къалэ).*

**2. Тембот Фатімэт Ас льэший и пхъур** - Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и Академием и член-корреспондентыр, биологие щІэныгъэхэм я докторыр, профессоры, Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и Академием и Къэбэрдей-Балькъэр щІэныгъэ центрым Бгылъэ щІыпІэхэм я экологиемкІэ и институтым и унафэщІыр, �щІДАА-м и член-корреспондентыр *(Налшык къалэ).*

*�щІДАА-м и член-корреспондент хахащ:*

**1. Вэрокъуэ Виталий ХьэкІашэ и къуэр** - мэкъумэщ щІэныгъэхэм я докторыр, Кубань къралъ аграрнэ университетым и кафедрэм и профессорыр *(Краснодар къалэ)*

**2. Даут Юрий Инус и къуэр** - медицинэ щІэныгъэхэм я докторыр, Мейкъуапэ къэралтехнологие университетым медицинэмкІэ и институтым и профессорыр *(Мейкъуапэ къалэ).*

**VIII. Щым теуха щІэныгъэхэмкІэ къудамэм**

*�щІДАА-м и академикыу хахащ:*

**1. Щыдакъ Рашид Сультан и къуэр** - мэкъумэщ щІэныгъэхэм я докторыр, Къэбэрдей-Балькъэр къэралмэкъумэщІ академием хадэхэкІэхэмрэ жызэумэрэ гъэкІыныкІэ и кафедрэм и профессоры, �щІДАА-м и член-корреспондентыр *(Налшык къалэ).*

**2. Уджыхьу Аскэр Чэрим и къуэр** - мэкъумэщ щІэныгъэхэм я докторыр, Прунэ гъэкІыныкІэ Урысейпсо щІэныгъэ-къэухъумэу институтым и щІэныгъэ лэжьакІуэ пажэр, �щІДАА-м и член-корреспондентыр *(Краснодар къалэ).*

*�щІДАА-м и член-корреспондент хахащ:*

**1. Щхьэпацэ Асльэн Къапльэн и къуэр** - мэкъумэщ щІэныгъэхэм я кандидатыр, Къэбэрдей-Балькъэр агропромие станцым и унафэщІыр *(Налшык къалэ).*

---

# ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием 2009 гъэм хахахэр

---

**●Налшык къалэм щыІэ УВД-м къет**

## ГъэпцІакІуэхэм защыфхъумэ!

ЩЫЦХЬЭIУМ и 17-м Налшык къалэм щыІэ УВД-м зыкъхъуигъэзащІ къалэдэс цІыкІухъум. Хэтми ямыщІэ «телефон гъэпцІакІуэм» къэтхъэусыхьам и Іыхьлыгъэ зыкъыгъэлъагъэ

# Исламым и нур

## Саади и уазхэр

●Зэн мыкIуэдыжьын щIэин

***ХъыбарыфIыр, таурыхъ хьэлэмэтыр е цIыхур зыхуенну уазхэр ущхъуабзэти, исламым теухуа тхыльхэр и гуапэу щIиджыкIыпт. Псом хуэдизрэ ар ящIэ, ар ящIэ, ящIэ, ар ящIэ, ар ящIэ, ар

# Зыгъэпсэ-хугъуэ Малъхъэдис

● Нэщэнэхэр

## ЦІыху шхэм теуІуэркъым

❖ЦІыху шхэм теуІуэркъым.
❖Шы къуэлэн Іэщыну къэпщэхуну фІыкъым.
❖Шыгъур гъущІэмэ, уэфІ нэщэнщ.
❖Шхыныр шыугъэ хъуамэ е шыгъу иракІутамэ, унэм кьуагъэ кьихьэнущ жаІэрт.
❖Щіху бгъэкІыну фІыкъым.

# Сабий тегъэукІэхэр

***Адыгэхэм сабийм гулъытэшхуэ хуащІу щытащ. Ахэр зэрыпрагъэу сабий джэгуукІэ куэдыкІей щыІащ. Ахэр псори кьыт-хуэхьынкъым, ауэ псоми зэдащІэу сабий зэрагъэджэгу хабзэ зымащІэм я гугъу тщІымэ, лей хъуну кьыщІэкІынкъым.***

● Хабзэ

Я Іэблэм тесу дзадзым бзу ирагъэпагъуурэ жаІэрт:

**Бзу, бзу гуагуэ,**
**Хьэгагуэ нэф,**

**КІэфом тес,**
**Ахъшичы кьэхьи**

**Зы хьэ уэстынщ,**
**Тыр-р, - жиІэу пъэтэжащ.**

Илъэс-илъэситІ нэхьыбэ мыхъуа щІалэ цыкІухэр е хъыджэбз цыкІухэр я куэщІым ису, я куэпкъым тесу, драдзей хуэдэу ящІурэ ягъэджэгурт адэшхуэ-анэш-хуэхэм:

**Пыкъэ-тІыкъэ,**

**Дадэ,**
**Пыкъэ мыл,**

**Дадэ,**
**Кьамылапщэ,**

**Дадэ,**
**Пщыгъэшынэ,**

**Дадэ,**
**ЩІалэ цыкІуэхэр нэхъыбэрэ зэрагъэджэгур шым теуІуэ джэгукІэт, лІыгъэ, хахуагъэ кьызыхэщэт:**

**Шу-шу кьокІуэ,**

**Шу-шу кьос,**
**ПщІэгъуалэм тесщ,**

**И пэр сринэщ,**
**И анэшым макІуэ,**

**Щыбэ яхуеху,**
**ХуаРэм тесу кьосыж.**

Ныуп апхуэдэу щІалэ цыкІухэр зэрагъэджэгущ:

**Быкъэ-быкъэ,**
**Алащэ,**

**Шым и лъакъуэр кьутащ,**
**ХьэщІэр унэм яшэ,**
**НэгъуэщІым кьрат,**
**Кьратар мыгъасэщ,**
**ЗретІэ-зресэ,**
**«Сархъ», - жиІэу**
**кьредзых.**

Сабийр зыгъэджэгум ар и куэпкъым кьридзых хуэдэу ещІ, мыдрейр, дауи, зыкьрин-мыгъэхуэныну хэтщ.

Хьыджэбз цыкІухэр зэрытрагъэуэ гурэпкІырагъ лъэпкъ хэпъэтэкъым, атІэ зэрагъэдыхьэшхыным, гуащэ хъуэмэ, щэныфІэу зэрыщІы-тынум нэхъ тегъэщІат:

**ХьэщІыб-щІыбкьуэ,**
**Дадэ быкъуэ кьеукІ,**

**КІапэ пшэрыр кьытхуехь,**
**Шыуан цыкІум иредзэ,**

**Дзыгъуэ цыкІум ирех,**
**ДыкІэтыжьу тІэщІокІ,**

**И нэр кьытхурегъэкІ,**
**КІапэм дыхегъэкІыж.**

Мыри хъыджэбз цыкІуэхэм щхьэкІэ жаІэрт:

**КІадэ,**
**Дашхьэ,**

**Гущхьэ лъынэ,**
**Нанэ и гуащэ нэху,**

**Хужьыуэ ІэфІ,**
**Фыыр ЗыдэбагъуэІ,**

**Зи узыгъуэр кІуэдын,**
**Нанэ хьэхуэкІэ нсэун.**

Мыпхуэдэ сабий тегъэу, джэгуукІэхэр куэд мэхъу. Абы мыхьэнэшхуэ дыдэ иІэу щытащ сабийм и гупсысэкІэм, и узынщагъэм зинужьын щхьэкІэ. Абыхэм щыкІуэхэр набдзэгубдзаплъэу ягъасэрт, я бзэр кьута хъуні щхьэнкІэ сэбэпынагъ ин кьашэрт.

Дуней къэхьукъащІэхэм, хьэпшыпхэм, псэущхьэхэм, Іэщ1агъэхэм, кьинэмыщІхэм я щхьэгъэ, цыхуэхэрэ абыхэм я зэхуцыпыкІэхэмрэ кьызыхэщ кьебжэкІ щыкІухэм, таурыхьхэм, хьыбархэм щыщІэдэІукІэ, сабийм аэрэ нэхъ тыншу зригъащІэрт, и гум ирифыдыдэрт. ИрахуэІэу кьрагъэщтэну зыхуэимрэ джэгуукІэхэм хэту езым кьинубыдымрэ зэи эхуэдэ хъурт-тэкъым.

Апхуэдэ Іуэхугъуэхэм цыкІуэхэр хуагъэІущІырт, хауэзщІырт фІымрэ Іеймрэ, екІымрэ емыкІымрэ зэхахІэкІыфу. Псалъэм щхьэкІэ, кьызэрыгуэкІ «Мэл щохъу» джэгуукІэ цыкІум сабийр тригъэум кьыщІымынэу Іэпхъуамбэхэм я цІэм, я зэкІэпъыкІуэкІэм, аэрэ фбж зэрыхьунум хунгъасэрт. Псори зэхьэсІІар, дауи, сабийр зыгъэджэну балигъыр абы зэрыбгъэдыхьэрщ. «Мэл щохъу» жьихуэтІэм зэмылІэужьыгъуэ Іэджэу сабийр ирибгъэджэгу хъурт. Мыпхуэдэу, псалъэм папщІэ: «Дэнэ щыІэ уи Іабэ цыкІур? Мис, кьеплъыт, мыбдеж мэл щохъу. Иджы мы уи Іэгур губгъуэщ, мыбдеж мэл щохъу. Иджы мы уи Іэпхъуамбэшхуэм деж, мыр мыдэжщ, цыкІуэхэр хъурей щоджэгу, мы Іэпхъуамбапщэм нужьгъуащ накІуэкъакІуэр, Іэпхъуамбэ курытым кьыхелъхъэ: дывгъэкІуэж. АрщхьэкІэ цІимыІуэм идэркъым тІэкІу емыдзакъэхэу зэрежьэжьынур. Аращи, ІэпхъуабэжьакІэжь щыкІу пщэфІэну хуожьэ: еуэ пщафІэжь цыкІу, еуэ, еуэ, пщафІэжь цыкІу»

Зэрытлъагъущи, мыбы дэтхэнэ зы жьІэгъуэри Іэм и пкыгъуэ гъэрхэм теухуащ. Аэрэ сабийм ищІа нужьакІэ Іэпхъуамбэхэм я пІэкІэ «мыбдеж» жаІэуэрэ мэджэгу: «Мыбдеж мэл щохъуэрэ, мыбдеж хьурей щоджэгуэрэ, мыбдеж накІуэ-кьакІуэ, мыбдеж дывгъэкІуэж, мыбдеж тІэкІу дымышхэу дыкІуэжынт? Еуэ, еуэ, пщафІэжь цыкІу, еуэ, еуэ, пщафІэжь цыкІуІ»

Хьэл-цэн дахэ кьищтэным, нэмыс зыхилъхьэным кьищынэмыщІауэ, гулъытэшхуэ хуащІырт сабийм и гупсысэкІэм, и губгъуэгъым зиужьынми. Абы щыІуэ дежи Іэмал зэмылІэужьыгъуэхэр кьагъэсэбэпырт, абы джэгуукІэхэри хэту. Мыр абы ящІыщ:

Зы - цІхьэзакъуэр насыпынщэщ (Алыхьыр заІуэзщ).

ТІу - нитІыр зэрощІэ.

Щы - адыгэ Іэнэр лъакъуищ.

ПлІы - шым и лъакъуиплІыр зыушнэмэ, кІуэкІэ иІэщ.

Тху - Іэпхъуамбитхур зэшхуэзэсщ.

Хы - щырыщу тІур хыщ (щІалэр илъэсихым дошэс)

Блы - Багъуэзэшиблым загъаізэмэ, нэху мэщ.

И - взрэвийр зэдекъуэмэ, пхъэІэщІэр щІаіщ.

Бгъу - бгъур пщІэмэ, зы кьэтщ.

ПщІы - пщІым нэс убжэмэ, зэкІэ хъунщ.

Хабзэм, сабий гъэсэкІэм мыхьэнэшхуэ щиІэт щІэблэм гуэныхь жьхуаІэр кьагурыІуэу, гудзакъэ ихэлъу, щысхь ящІэу кьэтэджкъым. Гуэныхьт ерыскыы мафІэм пэрыбдзэу ебгъэсэну, напэмытхьэщІу щхьинми Іэщми уахэпхьэну, быныбым зенчкІэ уеуэну, хьеуан щыс кьэбгъэтэджкъыну, нэгъуэщІхэри. ЕмыкІут зыгуэрым уигъэгуфІамэ, гуфІапщІэ нумытыну, бжэмышхуэм уебзеину, хьыджэбз щыкІуэр я лъакъуэр зэгуэхауэ увмэ е тІысмэ.

Мыпхуэдэхэм сабийр щрагъаеэ хабзэр унэрат, абы щыгъуэми хамэ щымыту, езыр-езыру щызэхэсым и деж. Зыгуэр щыту сабийхэм зэи ешхьэрэтэкъым. Иригъэлеямэ, щэхуэ я Іэпэ хуагъэдальэрти, абыкІэ зэфІэкІырт.

**МАФІЭДЗ Сэрэбий.**

● Щэщэнэхэр

## ЦІыхьэ шхэм теуІуэркъым

❖ЦІыхьэ шхэм теуІуэркъым.
❖Шы къуэлэн Іэщыну къэпщэхуну фІыкъым.
❖Шыгъур гъущІэмэ, уэфІ нэщэнщ.
❖Шхыныр шыугъэ хъуамэ е шыгъу иракІутамэ, унэм кьуагъэ кьихьэнущ жаІэрт.
❖Щіху бгъэкІыну фІыкъым.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

## Тенцинг Норгей и зекІуэ

«Уэсхэм я кьаплъэн» - апхуэдэут зэреджэр Непалым щыщ альпинист тельыджэ Тенцинг Норгей *(1914 - 1986)*. Ар 1953 гъэм Новэ Зеландием кьикІа Хиллари Эдмунд и гъусэу Джомолунгмэ *(метр 8848-рэ мэхъу)* и щыгум псом япэ ихьащ.

ИльэсищІ дэкІри, «уэсхэм я кьаплъэныр» Къэбэрдей-Балькъэрым кьеблэгъащ, Кавказ къуршхэр зригъэлъэгъуащ. Іуащхьэмахуэ лъапэ Тенцинг ныбжьэгъу щищІащ ди республикэм и альпинист цІэрыІуэхэр - Кахиани Джумберрэ Хергиани Михаилрэ *(и бгъуитІыкІэ щытхэщ)*.

*Адыгэ альпинист пажэ* МАМЫШ Кашиф *къытхуихьа сурэтыр 1963 гъэм гъатхэпэм и 1-м трахащ.*

● Хъуэжьу

## Лэскэн куейм хьыхьэ Хьэтууей къуажэм щыпсэу Елъыхъу Юлинэ Жэмалдин и пхъум къыщалъхуа махуэр егъэтъапэри, дохьуэхъу!

Псэм щыдгъафэ ди анэ лъапІэ! Узынщагъэ уиІэу, дэрэжэгъуэмрэ гуфІэгъуэмрэ уи куэду, дыбгъэзгъущхуэрэ удгъэгуфІэу, уи быным я екъуІэныгъэм урипагэу, абыхэм я щІэблэм я насып плъагъуу, унагъуэ жьэгум и хьумакІуэ ди адэр кьыпкъуэту, уи щыІэхугъэм, нэмысым кьыхэхъуэ эпыту, уи дунейр нэхуу, гуауэр ппэІэщІэу, уи гукъыдэжым хэмыщІу уи Іэнэгум берычэтыр тёмыкІыу дяпэ куэдрэ уитыну укъыщалъхуа махуэмкІэ дынохьуэхьурн, цыхубзым и гур зыщІэхъуэпс, насыпу кьиІытэ псомкІи Тхъэр кьыпхуэпсэну ди гуапэщ.

***Уи щхьэгъусэ Руслан, уипхъуэхуэу Марьянэ, Лианэ, уи кьуэ Азэмэт.***

● Гушыіэ

## Шым сыт и лажьэ?

Ди колхозым и агроном Мусэ трагъэкІри, иджы дыдэ еджапІэ нэхъыщхьэр кьэзыІуха Шорэ абы и пІэм ягъэуващ. Мусэ ишри агрономыщІэм иратыжати, ар тІэкІу иуэхъуэкІуэну пщыхьэщхьэм кьуажэбгъуэмкІэ щиутІыпщащ. Пшэдджыжьым кьихужьину щыдэкІам, эщхьыркъабзэу шитІ ярихьэлІащ Шорэ. Щыгъэм шы кьратагъэщІэр кьыхуэмышІыхужу тІури кьыхури кьэкІужащ. А шыхэр зэхэзыщІыхукІэм лъыхъэурэ, щІалэр Дизыкъуажэ хуэзащ.

- КъхьІэ, къомыхьэлъэкІыу, ныдыхьи, мо ди Іуэм ит шитІым Мусэ еІуэ щыгъар кьыслухэщІыкъкІ, сэ мыбыхэм ихъэ зощхь си гъащІэм псэущхьэ сельэгъуакъым, - жиІэри, Дизыкъуажэ я деж дишащ щІалэм.

- Уэдэхьи, Шорэ, сэри Мусэ и шыр фэкІэ сымыщІыху, ауэ къэтщІэнщ ар иджыпсту. ШитІым я зым шэси, шхапІэмкІэ блэкІи кьыблэкІыж, - жиІащ Дизыкъуажэ.

Шорэ зы шым шэсри екъащ икІи мыгувэу кьиІэщхьэжащ.

- Хуабжьу псэущхьэ ІуящІащ, Мусэ ейр мырамэ, - щытхъуащ щІалэр шым.

- Иджы модрейм шэси, а гъуэгуанэм ирикІуэт.

ЩІалэр шым шэсри дэкІащ, ауэ ящэм нэхъри нэхъ гуваущ кьызэрыгъэжащ.

- Дауэ кьыпщыхъуа? - щІэупщІащ Дизыкъуажэ.

- Уэлэхи, мыр гурымыкІэ гуэру кьыщІэкІынмэ, щхапІэм и гупэм щыт пкъом дежэ лъэданэ эщІригъанэри, адэкІэ схуэмыбэ-кьуэжу селІэдІащ.

- УкъыщІыбгъэкІыжымэ-щэ?

- СыкьыщыбгъэкІыжми, апхуэдэ дыдэу ерагъкІэ кьыблэсхужащ.

- Аращ-тІэ Мусэ и шыр.

- Уэлэхи, арами, ар сэ шы схуэмыхъуну, - жиІат щІалэми:

- Шым сыт и лажьэ, тІасэ? Тесам апхуэдэу игъэсауэ аращ, - жиІэурэ ІукІыжащ Дизыкъуажэ.

**ЖЫЛАУ Нурбий.**

● ЖыІэгъуэхэр

## Акъылыр зоплъэкІ

◎ Губгъэн щІыпхъэу къэбгъанэмэ, губгъэн хьбох, пхуэфащэуи кьыщІощІ.
◎ Гъуэгуцхьищыр щызэхэкІым тетхащ: лІыгъэ, щыхугъэ, щІэныгъэ - щымэ зэдрикІуэн хуейщ.
◎ Ей, адыгэ, жаІэмэ, угурымыхьщ, уадыгэкъэ уэ, жаІэмэ иджыри кьыпщогугъэ.
◎Ешыгъэм узэрихуэми, жуаныр уэ бохь.
◎ Захуагъэр кьуаншагъэкІым, ауэ пэж дыдэм нэсырщкъым.
◎ Зэрыгъу-зэрышхэхэм загъэнщІырыкІым: щІыхуэи щрет, лъэпкъи ирехьу.
◎Зи мыІэху зезыхуэм етыпгауэ, емынэм зэрихуэр лъэжьакІуэжьщ.
◎КьыппэщІэхуэжам укьызэрыхущІэкІщ уи щІыхугъэр здынэсщ.
◎ Кьагъэделэм хуэфащэщ, къзыгъэделэм и напэщ.
◎КьыпхуымышІэфаІу кьыпхуэгузавэм пщІэр нэхъ лъысыпхъэщ, тыншу зыхуэзфІэкІым нэхьр.
◎КІуэ сэрэ - сэращ, езыри зыгурым щхьэ емыплъарэ кьыпхужаІэжмэ, минрэ уэхуэмэ, щыхуэгъэкІуэскІыф.
◎ Кьуаншагъэр кьыщІэзыгъэщым кьыкІэщІэкІэскІуэнухэри кьетІэщІ.
◎ Напэ зимыІэ щыІэжьым, зэдІуэжьф зекъуэмэ.
◎ Нэмысыр хьэхуэри ятыркьым, щІыхуэуи ятыркъым.
◎Псэм хуэмыхьыжьыр щыхугъэм ирельэфкІ.
◎ УэигугъапІэм узыхуэныкьуэу укьыхуущІэкІмэ, уцІыхуущ.
◎ Ажалым кьебгъэда пэлыгъэщ, щІыхум и сэбэп зыхьлыр и чэзум кьыпхугурыгъаІуэмэ.
◎ Акъылыр зоплъэкІ.
◎ Губгъагъэ жепІауэ къомыдзІуэм делагъэ ебгъащІэ хуэдэщ.
◎ Губгъагъафэ зытезыгъауэр делэщ, делафэ зытезыгъауэр бзаджэщ.

**БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.**

● Псалъэжьхэр

## Дыгъэм япэ къотэдж

ᵛБзурэ пэт абгъуэ ещІ.
ᵛВы зимыІэм шкІэ щІещІэ.
ᵛГъэмахуэ тхъэмахуэр щІымахуэ гъуэмылэщ.
ᵛДыгъафІэ мылыф зыхъуарэ бжьыхьэщэ ефа танэрэ.
ᵛДзыгъуибгъу зэдеІэмэ, кхъуей кІадащхьэ трач.
ᵛЗи Іуэху егугъур дыгъэм япэ къотэдж.
ᵛЗы гъэр тІэу къакІуэркъым.
ᵛЛэжьакІуэжь и шэмэдж щІэщхъуэрэ?

# Псалъэзэблэдз

***ЕкІуэкІыу:*** **2.** ХьэскІэ къызыхих мывэ джей быдэ. **5.** Псы фІей ина. **6.** Щымахуэ щыгъын. **8.** Зипхъу ирахьэжьам, зиш ирахужьам кІэлъыщІэпхъуэ гуп. **9.** Зиусхьэн лъэпкъ. **11.** Дзэлыкъуэ щІынальэм хиубыдэ къуажэ. **12.** Быдымым я гъэмахуэ хьупІэ. **13.** МафІэ бзий кьыдихьу уафэм кьыщоуэ. **14.** Уафэ лъащІэм щызеІдажэ «Бжьэхуц» гуартэхэр. **16.** «Бгы лъапэхэм ...» - КІыщокъуэ Алим и поэмэ. **18.** Щыгъын гъэжьа, пІащІэ хъуа. **19.** Джыдэм нэгъуэщІу зэредкэр. **20.** Бакъэ лъапІэ кІыхь. **25.** Адыгеим щыщ тхакІуэ, СССР-м и къэрал саугъэтыр зрата. **29.** Гъавэ лІэужьыгъуэ. **30.** ТепІэнщІэтъын. **31.** Лы и къуэгъурэ ... и гъуррэ. **32.** Пасэрей хьыбарегъащІэ. **33.** Пхъэщхьэмыщхьэ. **34.** Адыгэ лъэпкъым и зы кьудамэ. **35.** Хьэпщхупщ. **40.** Гьыринэм щхьэкІэ жаІэ. **42.** Абы имытмэ, лъакъуэм и мыгъуагъэщ. **45.** КъБР-м щыщ район е къуажэ. **46.** Пхъэ сахуэ. **47.** ПсыІагъэ зыщІэмыт. **48.** «Бэдынокъуэ къэгубжьащ, ... мафІэу зэщІэнащ» - «Нартхэм» щыщщ. **49.** Совет властым и зэманым зы щІакхъуэ кьыщыщІэкІыщ щыта ахьшэ жьгъей. **50.** Кьхьуейтальэ дэпъу ящІ адыгэ шхынигъуэ. **53.** Лэскэн куейм щыщ адыгэ къуажэ е псыежэх. **54.** ТхьылъымпІэм итыр зэпынэжьым щыхьэт техьуэ дамыгъэ. **55.** Нартыкъу гъэпыгъуэ хьэжьгъэ. **56.** Мэщ хьэуазэ. **57.** УщІэдыхьэшыни ущІэгуэзвэни зыхэпІ Іуэхугъуэ.

***Къехуу:*** **1.** Жьышхуэ кьепщэри унэр ... ищІащ. **3.** Мы гъэм си ныбжьыр илъэс 75-рэ иринкъу Къэбэрдей-Балькъэрым и щІыхубэ усакІуэ. **4.** Тутын зэрызэрахьэу щыта хъуржьин щІыкІу. **6.** Ленинным и ролыр зыгъэзэщІа, Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артист. **7.** Адыгэ зэрэдус цІэрыІуэ. **8.** Саудей Хьэрып къэралыгъуэм и Іэтащхьэм президенткъым зэреджэр. АтІэ дауэ? **10.** Адыгэ лъэпкъ конгрессым и япэ Іэтащхьэ. Урысей Федерацэм юстициэмкІэ и министру щыта. **15.** ГъэшхэкІ. **17.** « ... вы бжьакъуэм къоК!». **21.** ... здэщымыІэм берычэти щыІэкъым. **22.** Шы хужь зытет шы. **23.** ПыІэ ... **24.** Хьэкъуащкъу. **26.** Къэушырыба, къэпца. **27.** Армэм къулыкъу щызыщІэ. **28.** Унэ е нэгъуэщІ псэуалъэ щыпщІкІэ ар унмыІэу хьунукъым. **36.** Унэ зэтезыпльхьэхэм захуагъэ-Іущагъэр къызэрахутэ Іэмэпсымэ. **37.** Мывэ ин дыдэ. **38.** Акъыл зэпІэзэрыт зимыІэ. Зи акъылыр псынщІэ. **39.** Адыгэр куэду щыпсэу Тыркуи щыщ къалэ. **41.** Пхъэщхьэмыщхьэ. **43.** Удзыжь зыкъыпкІэрызыщІэ. **44.** Шым и кІуэкІэ. **51.** Къамэ Іэпщэр зэрагъэдахэ. **52.** « ... и шыр фІэдахэжщ».

*Зэхэзыльхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ.**

### Шыщхьэ Іум и 22-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***ЕкІуэкІыу:*** **1.** Бгъэндэ. **4.** БлыщхьэІ. **9.** Іурыхьэгъуэ. **11.** Абазэ. **12.** Щыблэ. **13.** Шыкъулъыр. **18.** Нарзан. **19.** Анэ. **20.** Балыдж. **23.** Шыбзыхьэр. **25.** Лъахъстэн. **28.** Аргъынэ. **29.** Сэхъу. **30.** Кумбыгъэ. **34.** Бэгъуэтыж. **36.** Гъабгъэ. **37.** ЩІэблэ. **38.** Пшынауэ. **39.** Жумарт. **40.** Тэрэзэ.

***Къехуу:*** **2.** Гъыбзэ. **3.** Дурдыл. **5.** Іэгъуныкъуэ. **6.** Хьэщыкъ. **7.** Тхъэлъанэ. **8.** «Мадинэ». **10.** Хьэжрэт. **14.** Къуршыбгъэ. **15.** Хъарзынэ. **16.** Махъсымэ. **17.** Хъысэпыл. **21.** Пхъыкъ. **22.** Бакъ. **25.** Наскьуагъэ. **26.** КІэлэгъунэ. **27.** Тэрэмэш. **31.** Уэршэр. **32.** Бынунэ. **33.** Жьгъыру. **35.** Шэрэз.


## Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
**Жылаес Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬэКІмыхьу Мариноу** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариноу** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ**(жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжьэ Таисэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩІАПЭР
**360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ кьатхэр.**

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэныкъ ІуэхугъэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхугъаіпэхэм я дэлажьэныкъмкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; екъуджныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; эдэхэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеми - 47-31-69; ЭВМ-ы и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущапіэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэрэ зытехаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтекІу зэпыту щытекІым.

Газетыр Іэ тезыдзэхэм яхуэхьыныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 42-06-51, 42-19-59.
Газетыр щрипыкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.
Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щІэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

*Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ:* жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщкІ Соня, редактору Жылаес Заурбэч, корректорхэу Пхытіыкі Юрэ *(1,2-нэ нат.)*, Банэ ФатІимэ *(3,4-нэ нат.)*, корректорхэм я лэныкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ:* Ныр Саидэ, ГъукІэлІ Рае, *сурэтыщІ* Бицу Жаннэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.125● Заказ №2779


● Адыгэ шхыныгъуэхэр

## Пщагъэ зыхэлъ щІакхъуэ

Гуэдз хьэжьигъэм джэдыкІэ хакъутэ, пщагъэрэ шыгъурэ зыхэлъ псы хуабэ хакІэри тхъэвыр япщ. Абы и щхьэм хьэжьигъэ трагъэщащэ, хуабапІэм ягъэуври, сыхьэтитІ хуэдэкІэ щагъэт. Тхьэ тэджар ПэкІу щапщэ, дагъэ зыщцыхуэ тебэм иралъхьэ, дакьикьи 5-6-кІэ щагъэтри, хьэкулъэм ирагъэувэ.

Абы иту ягъэжьа щІакхъуэм и тебащхьэр трапІэркьым. МафІэм тетмэ, и тебащхьэр трапІэ, зы лъэныкъуэр жьа и иужьи зэрагъэдзэкІ. Хьэкулъэм иту ягъажьэр дакъикъэ 15-18-кІэ хьэзыр мэхъу. ЩІакхъуэр жьа и ужькІэ тхъуэпІэ дахэ мэхъу. Абы и щхьэфэм псы щІыІэ тІэкІу щахуэри, щІэуфауэ дакьикъэ зытІыкІэ щагъэт, щабэ хьун щхьэкІэ.

***Халъхьэхэр:*** *гуэдз хьэжьигъэ - грамм 500, псыуэ - грамм 250-рэ, пщагъэу грамм 15, джэдыкІэу - 1, шыгъуу, фошыгъуу, тебэщыхуэ тхъуэ - узыхуейм хуэдиз.*

*«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхыльым къытхыжащ.*

НапэкІуэщІэр зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩІЭМЫЩІ Йзэщ.

● Къуажэхьэр

## Куэбжищэ хэлъми, дыхьэпІэр зыщ

♦ Зызымыгъазэу мэзым щІэкІ.
♦ И щхьэр ину, и нэр цІыкІуу, екІуу хьэлъэ зыхь.
♦ Иплъхьэ-иплъхьэми зызымыгъэнщІ.
♦ Кьуажэри жылэри зыгъапщІэ.
♦ Куэбжищэ хэлъми, дыхьэпІэр зыщ.

**Жэуапхэр:**

*ФочыгІ. ХьэмпІэдЖ. Хъэмэ, Ибрэгим, Хьэ.*

## Хьэцыбанэр къыщащыпыр

● Фэ фщІэрэ?

✱Шэрджэсхэм хьэгулывэр бегъымбар шхыну ябжу щытащ, абы хущхьэгъэгуэ куэд зэрыхэтлъым щхьэкІэ. Хьэм кьыхэщІыкІа шхыны-гъуэзэр ирагъэшхыу щытащ зи кьупщхьэ кьутахэм - кьапщтэмэ, зи дзажэ кьутам хьэ мырамысэ ирагъэшхырт, ар захуэу кІыжьын щхьэкІэ. Абы хэлъщ кьупщхьэр зыгъэкІыж вещественхэр, псалъэм папщІэ, фосфор, кальций, нэгъэущІхэри.

✱ЩІыщым и тхъэкІумэр щыуэм и дежэ, къэрмэфибл дагъэ ирагъаткІуэри мэхъуж.

✱Лыр нарзаныпскІэ бгъавэмэ, нэхъ щІэхыу мавэ икІи лэпс Іэфі кьыщІокІ.

✱Мыгъэлыгъуаэу хуэрэджэ купкъ, щІыдэ, пщІий куэд пшхымэ, щхьэр егъэуз.

✱Кьурмэн ятохуэ: бжэнымэ - мазих нэужьым, мэлым - мазибл нэужьым, Іэщщышхуэм - илъэсым щІигъуамэ.

✱ПІастэ зэрызэпагъэжа сэр занщІэу лъэщІыжьын хуейщ, арыншамэ кІэрогъуэри, гъэкъэбзэжьыгъуей мэхъу.

✱Хьэлъуэр щІудбгкІэ я Іэр куэдрэ псыф ящІмэ, хьэлъыущхьэр тоуцІынынкІ.

✱Мэжаджэр щагъажьэкІэ къэмычэн щхьэкІэ, и щІыум шху щахуэ.

✱Нартыху щІынэр щагъажьэкІэ шыгъу хадзэркьым. Шыгъум хьэдзэхэр зэрегъалъэ, вэгъуей ещІ, Іэфи хъуркьым.

✱Хьэцыбанэр къыщащыпыр жэп теха нэужьщ.

✱Апэ зэманым хьэщІэхэм хуэщыкІыу щытар илъэс иримыкъуа шыщІэт. Абы ил нэхъ щабэр щэкІэ ягъавэрт. А щхьынгъэр, псом хуэмыдэу и лэпсыр, хуабжьу сэбэпышхуэ яхуэхъурт жьэн уз зиІэхэм. Іэпсыр хуабэщ зэрырафыр.

**КЪУБАТИЙ Борис.**